## DEM CI SA COOBAREY BOPP

**Dem ci sa coobarey bopp:** nangu joge Amerig ci sa coobarey bopp laata ñu lay génnee.

Du indi benn lorànge ci sa dosiye imigarasioŋ ni génnee mënee doon lu baaxul ci yaw.

Dina tax bamu gëna yomb ci yaw ngir delluwaat ca Amerig ëllëg ak ay jafe-jafe yu néew budoon dañ la génneewoon.

**Mën nañ la nangul nga dem ci sa coobarey bopp sudee:**

- Bii mooy sa yoon bu njëkk nga nekk ci doxalinu génnee,
- Mën nga fay sa dellu te am say kayiti bopp ngir delluwaat ci sa réew, te
- Amuloo benn ñaawtéef bu garaaw ci sa dosiye.

**Attekat bi yor wàllu immigration kese moo mëna nangu ñu dem ci seen bopp. Ofisiye ICE mënu ñu may nit ñi ñu dem seen bopp.**

## NJEEXITAL YI MËN A AM CI GÉNNEE

**(ëmb na sa demu bopp wala ab dogalu génne)**

- Ñakk nekkin bu ànd ak yoon
- Nangu wuñu nga dellu Amerig ci diiru 10 at (20 sudee ñaareelu génnee)
- Mën nañ la bañ a nangul nga dellu Amerig mukk sudee dañ la jàpp ci sineebar wala ñaawtéef bu garaaw
- Dellu bu jaarul yoon mën na joge ci jàppug federaal (gën gaa bari 20 at ci kaso)

## AY FÀTTALI

- Xoolaatal sa Kayitu Yëgle Ngir Teewe Àtte (NTA), ci anam bu baax laata ngay nangu wala bañ ay kàddu yi nekk ci NTA bi.
- Soo nàndul li xew wala luñuy wax ci jamonoy àttey tirbinaal, laajal àttekat bi ci anam bu ànd ak yar mu leeralal la ko.

## YËGLE YI NU WAR A BÀYYI XEL

# ABLE
### ADVOCATES FOR BASIC LEGAL EQUALITY, INC.

# XAM SAY YELLEEF

Tirbinaalu Imigarasioŋ


**Jokkool ak nun:**
1-800-837-0814

525 Jefferson Ave.
Suite 300
Toledo, Ohio 43604

**Bindu:** (419) 930-2555

**Daluweb:** ablelaw.org


**Seet sa A-Number:**
1-800-898-7180

**Sarwiisi Ndimbal yu EOIR:**
justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers

## TÉYÉ

**Say Yelleef suñ la Téyé:**

- Ñu jox la cër bi nga yellool
- Mën a jot ci Téere binu jagleel nit ñi ñu téyé, jumtukaayi yoon yi, ak sa awokaa
- Mën a jot ci ab telefon, seetsikat yi, ak bataaxal yi
- Dem féexlu ji
- Am say koopar ak say moomeeli bopp
- Jot ci am paj
- Dugg ci jëfi diine

**Say Sañ-sañ ci Tirbinaalu Imigarasioŋ:**

- Am nga sañ-sañu am ab awokaa ak sañ-sañu teewal sa bopp te doo soxla awokaa
- Am nga sañ-sañu saytuwaat képp ku joxe ay seede yu lay lor ak laaj ci bépp wayndare buñ la won
- Am nga sañ-sañu xoolaat mbind yi nekk ci sa dosiye
- Am nga sañ-sañu def appel ci sa dosiye so jàppee ne àttekat bi dafa juum

## LAYOO CI TIRBINAALU IMIGARASIOŊ

1. **Nekk Doomu réew mi**
2. **Fomm dàqq ci Non-Residents yi:**
   - Ci Amerig dëkk fi ci diiru 10+ yu dakkul
   - "Jikko ju Baax"
   - Dindi bi mën na jur ab "jafe-jafe bu jeggi dayoo te dunu ko faral di gis" ci ki ngay séyal, sa way-jur wala sa doom (jëkër/jabar, way-jur wala doom dañoo war a nekk ay Doomi Amerig wala LPR)
   - Yuñu tëjul ci yenn jalgati yoon yu méngook crime
3. **Daw-làqqu:**
   - Kaarange ci ngaañ/topp bu yàgg wala ragal bu waaj a am ci ab ngaañ/topp ci sa réew ndax wàllum deru-yaram, diine, réewum cosaan, xalaat ci politig, ak/wala bokk ci ab kuréelu askan bu xejjiku. 1 at ngir bindu.
4. **Téyé dindi bi**
5. **Sàrt biy Xeex Toroxal**

## NANGUL LA ÑU GENNEE LA CI KASO BI

**Tayle:** Ku nekk mën naa sakku ab tayle waaye du ñépp lañ koy nangul.

**Wartéef yi:**

- Wonewul benn pexe rëcc (du daw)
- Nekkul ku mën a indi ay lorànge ci askan wi
- Jaar-jaaru kiriminel yu neew wala yu amul sax

**Sàkku ab Tayle:** So bëggee bindu ngir sakku ab tayle, danga war a ñaan àttekat bi beneen waxtaan ngir ab tayle.

**Téere yi ñu jagleel mbirum Tayle:**

- Bataaxalu ndimbal bu bawoo ci ab sponsor
- Bataaxali ndimbal yu bawoo ci Liggéeykat yi, Njabóot gi, Ñi bokk ci Askan wi
- Ay dosiye yuy wone ñakkum jaar-jaaru kirim, diir bi nga nekk Amerig, sa jaar-jaaru liggéey

Li ci gën a néew mooy $1,500 te suñ la mayee nga tayle dafay faral di ëpp loolu.

**Habeas (Yelleef biy tere téyé nit ci lu wóoragul):** Ab kayitu-ñaxtu bu habeas dafay laaj ab Tirbinaal federaal mu xoolaat ndax sa téyéendi buy wéy teggu na ci yoon.

**Sukkandikukaay yu mën a bawoo ci ab kayitu-ñaxtu bu habeas dafay ëmb:**

- Ñakk nangu bu jaarul yoon ci ab waxtaanu tayle
- Téyéendi bu yàgg bu jaarul yoon (bu ëpp 6 weer)
- Tayle wala bàyyi buñu mayewoon, sa dosiye soppeekuwul benn yoon, léegi dañ la jàppaat
- Sa réew dootu la dellowaat - tëralul génneewaat la ëllëg

Mën nga duggalal sa bopp yiile, waaye dañ lay digal nga wut ab awokaa bu lay jàppale.